दिन—मंगलवार  दिनांक—14.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ  अवधि 05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी बिहारक नव मुख्यमंत्री होयताह। नव सरकारक शपथ ग्रहण काल्हि लोकभवन मे होयत। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे सम्राट चौधरी लोकभवन जाकऽ सरकार बनेबाक दावा पेश कयलनि। एहि सँ पहिने एनडीए विधायक दलक बैसार मे सर्व सम्मति सँ सम्राट चौधरी के नव नेता चुनल गेल। निवर्तमान मुख्यमंत्री नीतीश कुमार श्री चौधरी के नव नेता चुनल जयबाक घोषणा कयलनि आओर माला पहिरा कऽ हुनक अभिवादन कयलनि। ओ जनौलनि जे नव सरकार के हुनक मार्गदर्शन भेटैत रहत। एहि सँ पहिने भाजपा प्रदेश मुख्यालय मे भेल विधायक दलक बैसार मे सम्राट चौधरी विधायक दलक नेता चुनल गेलाह। निवर्तमान उपमुख्यमंत्री आओर पार्टीक वरिष्ठ नेता विजय कुमार सिन्हा हुनक नामक प्रस्ताव राखलनि जिनक दिलीप जायसवाल समर्थन कयलनि। बैसार मे पार्टीक केन्द्रीय पर्यवेक्षक शिवराज सिंह चौहान सम्राट चौधरी के नेता चुनल जयबाक घोषणा कयलनि।

---

मुख्यमंत्रीक जिम्मेदारी भेटलाह पर सम्राट चौधरी जनौलनि जे ओ नव जिम्मेदारीक पूरा निष्ठाक संग निर्वाह करताह। संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री चौधरी जनौलनि जे ई हुनका लेल मात्र एक पद नहि, अपितु बिहारक जनताक सेवा, हुनक विश्वास, आओर सपना के साकार करबाक मौका अछि। ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, भाजपा अध्यक्ष नितिन नवीन आओर जदयू अध्यक्ष नीतीश कुमारक मार्गदर्शन मे राज्य के विकास, सुशासन आओर समृद्धिक नव आयाम धरि लऽ जयबाक लेल काज करताह।

---

एहि सँ पहिने मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोकभवन जाकऽ राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन के अपन इस्तीफा सौंपलनि आओर मंत्रिमंडल भंग करबाक सिफारिश कयलनि। राज्यपाल इस्तीफा स्वीकार करैत हुनका नव सरकारक गठन धरि कार्यवाहक मुख्यमंत्री बनल रहबाक लेल जनौलनि। सोशल मीडिया पोस्ट मे नीतीश कुमार जनतब दैत जनौलनि जे आब नव सरकार बिहारक काज देखत। ओ राज्यक विकास मे मददि लेल सभ लोकनि के धन्यवाद देलनि।

———————————————————————

भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी जनौलनि जे सम्राट चौधरी एनडीएक मुख्यमंत्री रूप मे काज करताह आओर ओ आम लोक सभक आशा पर खड़ा उतरताह। एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा, राष्ट्रीय लोक मोर्चा प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा आओर लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान सम्राट चौधरी के बधाई दैत जनौलनि जे हुनक देखरेख मे बिहार विकासक नव कहानी लिखत।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे महिला सभक नीति निर्माण आओर निर्णय लेबय मे सक्रिय भागीदारी सँ वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि विकसित भारतक यात्राक दृष्टिकोण बेसी मजगूत होयत। भारतक नारी शक्ति के लिखल गेल चिट्ठी मे श्री मोदी जनौलनि जे सोलह अप्रैल कऽ संसद, नारी शक्ति वंदन अधिनियम सँ जुड़ल महत्त्वपूर्ण संवैधानिक संशोधन पर चर्चा आओर ओहि के पारित करेबाक लेल दुबारा सत्र शुरू करत। प्रधानमंत्री सदन मे ई विधेयक के पारित होयबाक आशा व्यक्त कयलनि।

———————————————————————

देश आइ भारतीय संविधानक मुख्य शिल्पकार डॉक्टर बी.आर. अम्बेडकरक एक सय छतीसम जयंती पर हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलक। एहि मौका पर देशभरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। राजधानी पटना मे पटना उच्च न्यायालय लऽग डॉक्टर अम्बेडकर प्रतीमा लऽग राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल। राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा आओर केन्द्रीय मंत्री ललन सिंह सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य सभ बाबा साहेब के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर, आकाशवाणी पटना मे भेल कार्यक्रम मे केन्द्राध्यक्ष एच.डी. सिडाम आओर उप निदेशक समाचार अजय कुमार सहित अधिकारी आ कर्मचारी सभ डॉक्टर अम्बेडकर के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। अम्बेडकर जयंती पर कतेको राजनीतिक दलक कार्यालय आओर श्रम सेवी संस्था मे श्रद्धांजलि कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————

केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी आइ पाटलिपुत्र रेलवे स्टेशन लऽग लालू नगर मे भारतरत्न बाबा साहेब डॉक्टर भीमराव अम्बेडकरक प्रतीमाक अनावरण कयलनि। एहि मौका पर मंत्री रामकृपाल यादव आओर दीघा विधायक संजीव कुमार चौरसिया छलाह। श्री मांझी

जनौलनि जे बाबा साहेबक विचार आइ सेहो प्रासंगिक अछि। ओ युवा सभ सऽ बाबा साहेबक आदर्श पर चलबाक आह्वान कयलनि।

———————————————————————————

प्रदेशभरि मे सतुआनी पावनि आइ पारम्परिक उत्साहक संग मनाओल गेल। एहि मौका पर सामूहिक रूप सँ चना, मकई आओर जौक सत्तू, आचार, पिऔज, चटनी आओर आमक टिकोलाक संग खयबाक परम्परा अछि। एहि मौका पर लोक सभ भोरे सँ प्रमुख नदी आ पोखरि मे स्नान–दान कयलनि। नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव सतुआनि पावनि पर प्रदेशवासी सभ के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।